

30 me

Paske, gras Bondye a, gras ki ka sove moun nan, te parèt. Tit 2. 11

Gras la te parèt (1)

Ki jan yon lide abstrè konsa, tankou gras la, te fè parèt ?

Bondye te revele nou gras li grasa Pitit la, Li te voye sou latè pami lèzòm. Pitit Bondye a, Jezi Kris, te pran fòm lèzòm e te pèmèt moun wè karaktè esansyèl Bondye yo : “Men, gras ak verite vini ak Senyè Jezi” (Jan 1. 17). Tout moun ki te louvri je yo e ki te pwoche zòrèy yo te ka aprann konnen gras Bondye a grasa pawòl ak travay Senyè a.

Avèk anons levanjil la, “bòn nouvèl” la, gras la te parèt tou tankou yon mesaj nouvo, ki te ofri lòm koupab la, delivrans. Mesaj sa a, pa di, Bondye tenyen je l sou kèk bagay, Li pap “gade twò pre” nan sa ki gen pou wè ak peche. Sa pa ta va gras divin nan, ki pa kapab separe ak verite a. Non, nan levanjil la, Bondye te revele jistis li tou : jistis pa lafwa, jistis ki rann moun jis olye pou l ta kondane yo, paske koupab yo konnen, gen yon lòt ki te sibi chatiman, yo te merite a nan plas yo (Women 3. 22-26). Lafwa sa a, se lafwa nan Jezi Kris, ki te mouri sou lakwa pou peche nou yo.

Bondye ofri gras ki bay lavi etènèl la bay tout moun san eksepsyon. Li envite tout moun pou vin pwofite. Se pa yon dwa, men se yon kado gratis ki soti nan Bondye. Li te koute l chè anpil : lavi sèl Pitit li a.

Eske gras Bondye te parèt nan lavi ou ?

30 mai

La grâce de Dieu qui apporte le salut est apparue à tous les hommes. Tite 2. 11

La grâce est apparue (1)

Comment une notion abstraite, telle que la grâce, a-t-elle pu apparaître ?

Dieu nous a révélé sa grâce par son Fils, envoyé sur la terre parmi les hommes. Le Fils de Dieu, Jésus Christ, a pris une forme humaine et a rendu visible les caractères essentiels de Dieu : “la grâce et la vérité sont venues par Jésus Christ” (Jean 1. 17). Tous ceux qui ouvraient les yeux et tendaient l’oreille pouvaient apprendre à connaître la grâce de Dieu par les paroles et les actions du Seigneur.

Par l’annonce de l’évangile, la “bonne nouvelle”, la grâce est apparue aussi comme un message nouveau, offrant la délivrance à l’homme coupable. Ce message n’affirme pas que Dieu passe sur certaines choses, qu’il ne “regarde pas de trop près” dans ce qui concerne le péché. Cela ne serait pas la grâce divine, inséparable de la vérité. Non, dans l’évangile, la justice de Dieu a aussi été révélée : la justice par la foi, la justice qui rend juste au lieu de condamner, parce que les coupables savent qu’un autre a subi à leur place le châtement mérité (Romains 3. 22-26). Cette foi, c’est la foi en Jésus Christ, mort sur la croix pour nos péchés.

La grâce qui apporte le salut est offerte à tous les hommes sans exception. Tous sont invités à en profiter. Ce n’est pas un droit, mais un don gratuit de la part de Dieu. Il lui a coûté très cher : la vie de son Fils unique.

La grâce de Dieu est-elle apparue dans votre vie ?